Ассаламу гІалайкум, казбекалъул жамагІат!
ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 30 (93168)/ 31 июль 2017 с./ итни 7 Зуль-къаг1ида 1438 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## 26 июль – Дагъистаналъул Конституциялъул къо!

## «Гургинаб» стол тІобитІана



25 июлалда районалъул Централияб библиотекаялда тІобитІана Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул Къоялда хурхараб «Гургинаб» стол. Централияб библиотекаялъул хІалтІухъабазул ва районалъул депутатазул Собраниялъул хІаракатчилъиялда гІуцІараб гьеб тадбиралде гІахьаллъана- районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гъирисхан Гъирисханов,районалъул судалъул председатель МухІамад ГІабдулаев, прокурорасул кумекчи Шамиль МухІамадов,юрист Хадижат МухІудинова, РОВДялъул начальникасул заместитель Сайпула Салатгереев, ЖамгІияб палатаялъул председатель ХІажи Адимирзаев. «Казбек районалъул гІолилал» гІуц1иялъул вакил АхІмад Иманшапиев, казначействоялъул хІалтІухъан ГІайшат ХІажиева ва нотариус Асият Назаева.

Гьеб гІуцІаразул мурадлъун букІана Дагъистаналъул Конституциялъул бугеб кІвар, аслияб магІна г1адамазухъе щвезаби, гьелъул адаб-хІурмат гьабизе, гьелда рекъон хьвадизе кколел рукІин гьезда бичІчІизаби.

К1алъазе рахъараз гьениб бицана Конституциялъул бугеб к1варалъул, гьенир рихьизарурал ихтияразул ва гьаризе т1адал ишазул, Дагъистаналъул цолъиги гьудуллъиги, жакъасеб аслияб законалда рекъон, г1уц1улел рук1иналъул.

Данделъи нухда бачана директоралъул заместитель М.-хІ. МухІамадхІабибовас.

*ХІ. КАРИМОВА.*

## Администрациялда



25 июлалда администрациялда т1обит1ана районалъул активалъул иргадулаб данделъи. Гьенире г1ахьаллъана «Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасул заместитель И.И. Шабазов, организациябазе, учреждениябазе, росабазул администрациябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби.

Гьеб данделъиялда Дагъистаналъул техническияб инвентаризациялъул ва кадастровияб къимат кьеялъул бюроялъул нилъер районалда бугеб г1уц1иялъул х1алт1ул х1акъалъулъ докладгун цеве вахъана гьелъул директор Мух1амадмасар Х1ажиев.

# Нилъ киналго - гьудулзаби



Гьединаб ах1иялда гъоркь, 25 июлалда районалъул культураялъул Централда, Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул къоялда хурхун, т1обит1ана конкурс.

Конкурс т1обит1улезул мурадлъун бук1ана г1олеб г1елалъул культураялдехун рокьи бижизаби, актерлъиялъул гьунарал ругел лъимал т1атинари, районалда театралияб жанр цебет1езаби.

Культураялъул Централъул, ФКялъулгун спорталъул, туризмалъул ва г1олилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул х1алт1ухъабазул жигарчилъиялда т1обит1араб гьеб конкурсалда г1ахьаллъана Гуни, Хубар, Алмахъ ва Калининаул росабазул культураялъул х1алт1ухъабигун ц1алдохъаби.

Гьеб тадбир рагьана «Маргьа» лъималазул ахалъул гьитІичазул церерахъиналдалъун.

Конкурсалъул гІахьалчаг1аз гьениб бихьизабуна актерлъиялъе бугеб махщел ва гьунар. Бихьулеб бук1ана гьел бищунго цІодорал, махщел тІокІал, гІакъилал, церетІурал рук1ин. Гьезда бажарана балагьарал гІодизаризеги релъизаризеги.

Жюриялъ х1асилал гьарун хадуб баянлъана къецазда т1оцебесеб бак1 Гуни ва Алмахъ росабаз гьоркьоб бикьараблъи, к1иабилеб бак1алъе Калининаул росу мустах1икълъараблъи, лъабабилеб бак1алде Хубар росу бач1араблъи.

Призалъулал бак1ал ккуразе ФК-ялъулгун спорталъул, туризмалъул ва г1олилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул рахъалдасан гьенир кьуна дипломал ва къиматал сайгъатал.

*С.СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.*

## Конституциялъул къоялъул хІурматалда



26 июлалда, Дагъистаналъул Конституциялъул къоялъул хІурматалда, Дилим росулъ тІобитІараб данделъиялда гІахьаллъана МР «Казбек район» муниципалияб гІуцІиялъул бетІерасул заместителалгун жавабиял хІалтІухъаби, учреждениябазе, организациябазе нухмалъулелгун мухъилал хІалтІухъаби ва цогидалги.

Районалъул бетІер ХІ.ХІ. Мусаевасул бихьизабиялда рекъон, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гІолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул хІаракатчилъиялда, культураялъул хІалтІухъабазул, «Казбек районалъул гІолилал» ДРООялъул кумекалдалъун, тІобитІараб гьеб тадбиралъул ахІилъун букІана «**Казбек районалъул гІолилал- терроризмалде ва наркоманиялде данде»** абураб.

КІалъазе рахъарал-районалъул бетІерасул заместитель И. Салимхановас, социалияб рахъалъ гІадамал цІуниялъул управлениялъе нухмалъулей П.Айтемировалъ, «Казбек районалъул гІолилал» ДРООялъе нухмалъулев К. ГІабдулаевас ва цогидазги данделъаразда баркана байрам, бицана Дагъистаналъул аслияб законалъул-Конституциялъул бугеб кІваралъул,гьенир рихьизарурал ихтиярazул ва тІадал ишазул.

КІалъаяздаса хадуб, хІалтІулъ тІокІлъи бихьизабуразе, гьенир кьуна ХІурматалъул грамотаби ва Баркалаялъул кагътал.

Байрамалда хурхун хъварал лозунгаз, батІи-батІиял кьеразул шараз,байрахъаз къачІараб майданалда ракІарун рукІана Дилим, Ленинаул, Гертма, Гуни росабалъа, 5-ялдаса 40- ялде щвезегІан сонал ругел, велосипедазда рекІаразул къокъа (55чи).

Конституциялъул къоялъул хІурматалда, гьел ине кколаан хасаб маршруталда ва гьезул цебесеб кьерда рукІана гІисинал лъималгун инвалидал. Бихьулеб букІана тадбиралде гІахьаллъиялдаса гьел рази рукІин. РакІалде ккола хадусан гьарулел гьединал тадбиразда гІахьаллъулел велосипедистазул къадар гІемерго ц1икІкІараб букІинин.

Данделъи нухда бачана Р. Гъанищевас.

*И. БУЛАТХАНОВ.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Её поздравил президент



Славная жительница Казбековского района Александра Павловна Саидова, которая 5 июля 2017 года отметила 90-летие, получила к юбилею персональное поздравление от Президента РФ Владимира Владимировича Путина.

Достойная женщина, прекрасная мать и неутомимая труженица — все это о ней, женщине с удивительной судьбой. Она родилась в Тверской области в семье простых тружеников, выучилась на агронома и по распределению попала в Дагестан. В 1944 году их, молодых специалистов, собрали, показали карту республики и спросили, кто в какой район поедет работать. Не имея представления о Дагестане, юная девушка буквально ткнула пальцем в первое попавшееся место, и по воле судьбы, этим местом оказался Казбековский район.

Шура, так ласково называли ее жители района, первый в районе образованный агроном, была востребована и очень нужна. Русская девушка быстро освоила свою специальность, работала день и ночь: выезжала во все хозяйства района, на месте разбиралась с особенностями возделывания продукции сельского хозяйства, учила других, следила за урожаем. Очень часто приходилось ездить верхом на лошади, а то и пешком обходить поля района.

Грамотные люди и в то время были нужны везде. Со временем Александру Павловну перевели на работу в районный комитет партии. Она писала протоколы, составляла письма, вела партийный учет. Так и проработала Александра Павловна в райкоме партии 33 года.

Здесь, в Дагестане, она нашла она свое семейное счастье в лице молодого педагога Гаджи Саидовича Саидова. Долго ухаживал он за ней, пока она не стала его женой. 9 мая 1945 года, в день празднования Великой Победы, она ответила согласием. А согласившись, никогда не жалела об этом. Они прожили счастливую жизнь, вырастили семерых детей.

«Я благодарна судьбе за свою жизнь, я прожила ее достойно, моим спутником был прекрасный человек, у меня выросли хорошие дети. Сегодня в окружении детей, 20 внуков, 37 правнуков и 2 праправнуков я чувствую себя счастливым человеком», — считает Александра Павловна.

Вручать персональное президентское поздравление к Александре Павловне, вместе с начальником управления социальной защиты населения в МР «Казбековский район» Пата Айтемировой, пришли представители районного женского клуба «Наследие» Хадижат Магомедова, Хадижат Мухудинова, Сапият Салихова и Маржанат Яндаева. От имени членов клуба Александре Павловне были вручены цветы и подарки.

*ИНФОРМАГЕНСТВО «САЛАТАВИЯ»*

*КIудияб Бергьенлъиялъ-72 сон!*

# Дида лъимерлъи бихьич1о

«Дун гьаюна I928 соналъ Алмахъ росулъ. Дир анлъго сон т1убарабго хвана эмен. Гьеб захIмалъарай эбел гIемер унтулаан. Рукъалъул хIалтIи тIаде ккарай дун, школалда цIализе хъвачIого хутIизе, эбелалъ яхчизаюлаан. Лъималазда цадахъ школалде хьвадизе бокьарай дун,школалде лъимал хъвазе байбихьарабго, рукъалъул кIалтIа эхетун чIана. I4 сон букIана дир школалде тIоцебесеб гали тIамураб заманалда. «Цебе отар» абулеб бакIалдаса школалде букIана 5-6 км. Цого-цо ругел щватабиги гъоркь тIукъби чIван гьарурал хьиталги хекко хвелин хIинкъун,дица гьел школалъул азбаралде щвезегIан къвалакь ккун росулаан. Рагъда цересел соназ, хурзал ругелъур рукъзал толарогунинги абун,ниж цоги бакIалде гочинаруна.

Эбел-эмен гьечIел вацги дунги (гьеб заманалда эбелги хун йикIана), гIадамаз гьабулебги гьабун, цIидасан рукIаралъуре гочана. ХIалалъ кIвана нижеда биххун букIараб мина яшав гьабизе бегьулеб хIалалде бачине. Балагь цо бачIунарин абулелъул, рагъгун цадахъ байбихьана ракъи. ЦIоросаролъил цо пуд чачанахъа нижеца босулаан 100 гъурщиде, гьеб букIана гIемераб гIарац. Миккгунги жубан гьелъул гьабулаан ханжу. Гьеб кванараб мехалъ ниж мехтарал чагIи гIадин лъугьунаан. Колхозалъул хIалтIудаги, дагьабго ханжу гъорлъе бараб,чури гIадинаб жо букIунаан.

Рагъул соназ ниж гочинаруна чачаназул ракьалде. Рос Бигишиев МухIамад рагъдеги ун, цIа бакизе чилпиялда хадуй дун Гебехъалаялде хьвадулаан. IIемераб захIмалъи бихьана, къокъгьабун, дида лъимерлъи бихьичIо. Дицаги МухIамадицаги цадахъаб гIумруялда 69 сон бахъана.

Дир гIумруялда жанир гIемерал лъикIал гIадамал дандчIвана дида. Гьезул цIикIкIунисел ана абадияб рукъоре.

Аллагьас Алжан насиб гьабеги гьезие»,-ян абуна Умиятица жиндирго хабаралъул ахиралда.

*С. САЛИХIОВ, Гъизилюрт шагьар.*

### *Щивго к1очон гьеч1о...*

# Хасавюрт педколледжалдаса...

1941 соналъул 5 июлалда къват1ибе биччараб «Дагестанская правда» газеталда бахъун буго А.Акавовасул «Безымянных героев нет» абураб ц1аралда гъоркь макъала.

Гьеб макъала дица босана 2014 соналъ къват1ибе биччараб «Время и память рядом идут» абураб т1ехьалде.

Гьелдаса цо лъугьа-бахъин: Дилималдаса Ват1анияб рагъул г1ахьалчи Х1ажиев Каримудин вукъараб хоб берцинго ц1унун бугищан ц1ехон дица хъвана Бесланалде. Жеги жаваб щвеч1о.

-“- -“- -“-

Хасавюрталъул педколледжалда т1обит1ана Россиялъул ва Дагъистаналъул мустах1икъай муг1алим Павлова Елена Даниловналъул юбилеялда хурхун, рохалилаб данделъи.

90 соналъул г1умрудул тарих гьелда баркун к1алъана Дилим росулъа муг1алим, дун ва цогидалги гьеб тадбиралъул г1ахьалчаг1и.

-“- -“- -“-

Зоря Валентиновна Семенова Дагъистаналде, ай, Казбек районалда бак1ал ралезул бригадаялде х1алт1изе яч1уна Приморский крайялдаса ракь багъарараб 1970 соналъ.

Дагьал соназдасан хвана гьелъул яс. Юкъана Хасавюрт шагьаралда.

Жиндирго яс юкъараб бак1алдаса инариланги абун, гьей ч1ана Хасавюрталда. Хадусан г1умруялдаса ват1алъана гьелъул росги.

Валентина Семеновна х1алт1ана бат1и-бат1иял идарабазда, ахириял соназ шагьаралъул почталъул отделениялда.

Кинаб х1алт1и т1ад къаниги, гьелъ бихьизабуна жиндирго махщел ва гьабулеб ишалде бугеб рокьи. Зах1маталъул ветеран, г1емерал шапакъатазул кавалер, Валентинада г1емерал соназ лъалеб бук1инч1о рагъде арав инсул къисмат.

Гьелъул гьариялда рекъон, ТОКСалъулаз лъазабуна гьелъул эмен Бельяев Семен Николаевич вукъун вук1ин Новгород областалъул Старорусский районалъул Хмели росулъ.

Валентинал рохелалъе г1орхъи бук1инч1о. **«Баркала нужее, дир лъимал»,** - ан цо чанго нухалъ такрар гьабуна гьелъ, хадубго, Дилим росдал г1адамазде жиндир урхъараб салам бицеянги гьарана.

-“- -“- -“-

1989 соналъ Гъизилюрт районалъул Ц1обокь-Миякьо росулъа Ват1анияб рагъул г1ахьалчи Х1ажаев Х1ажи Темирсултановичас дихъе хъвараб кагъат, гьесул г1агараб росу Казбек районалде кколеб бук1араблъи х1исабалдеги босун, «Чапар» газеталъул редакциялде бит1изе бит1изе х1укму ккана дир.

Рак1алде ккола редакциялъ гьелъие кколеб къимат кьелилан.

**Фронтовикасул кагъат.**

«Хирияв гьалмагъ Халилулаев Б.! Г1айиб гьабуге дица гьаб маг1арул мац1алда хъванин абун, дун вуго 1924 соналъ гьаврав ва 1936 абилеб соналъ 4 класс лъуг1арав чи.

Дида бихьана, дур бет1ерлъиялда, «Баг1араб Байрахъ» (№151, 1999 с.) газеталда «Шапакъатаз бет1ергьаби ралагьулел руго» абун ТОКСалъулаз хъвараб макъала. Гьенибго хъван бугоан нужеца шапакъатал щвезе кколел ва гьел щвеч1ого хут1арал г1адамалги. Гьезул цоявлъун ккола дунги. Дун 1970 абилеб соналде щвезег1ан Казбек районалъул Миякьо росулъ яшав гьабун вук1ана, гьелдаса хадув - Гъизилюрт районалъул Ц1обокь-Миякьо росулъ вуго.

Дун 1942 соналъул марталда бокьун рагъде ана. Г1ахьаллъана Белоруссиялда, Латвиялда, Литваялда, Эстониялда, Польшаялда, Бакъбаккул Пруссиялда рук1арал рагъазулъ

Дун лъукъана Белоруссиялъул Витебск шагьаралда г1агарлъухъ. Сахлъун хадув вит1ана 1-аб. гьаваялъул армиялъул 127 аб. батальоналде (аэродромалъе хъулухъ гьабулеб батальон), хадув авторотаялде. Гьениса ниж рит1ана Речица шагьаралде ва гьениб дие кьуна «За боевые заслуги» медаль. Гьединго, дие щвана цогидалги шапакъаталги.



Рукъове вит1улаго дихъе кьуна «За взятие Кенигсберга» абураб медаль кьезе бихьизабураб справка, амма медаль дихъе щвеч1о.

Дица гьелъул х1акъалъулъ хъвана Дагъистаналъул военкоматалде ва хадуб оборонаялъул министерствоялде. Гьениса бач1араб кагътида хъван бук1ана цо-цо командирзабаз гьединал справкаби кьун ругин жидехъе щибниги хъвач1ого. Гьеб дир г1айибищ бугеб? Гьеб справка гуребги, дихъ буго Рецц-бакъалъул грамота, гьелда хъванги буго Кенигсберг босиялъулъ г1ахьаллъиялъухъ абун.

Гьел справкаги грамотаги дица рит1ана Подольск шагьаралда бугеб архивалде, амма дие жаваб щвеч1о.

**«Херав чиясе щиб гьабизе гьеб медаль»** - ан рак1алде ккезе бегьула. Щаяли лъаларо, гьеб ц1акъ бихьизе бокьун буго. Цоги рахъалъ, дагьаб г1акъуба гурелъул медалазе мустах1икълъизе ккани бихьулеб.

Гьединлъидал, гьарула нужеда, бат1аяб районалъул чийин теч1ого, гьеб медаль щвелародаян х1ал бихьизе.

Дица нужее гьарула сахлъи, рохел ва халатаб г1умру.

**12.08.1989 сон**».

-“- -“- -“-

2002 соналъ ДГПИялъ къват1ибе биччана **«Интеграция межпредметные связи в образовательном процессе»** абураб т1ехь.

Гьелда хурхун, Хасавюрталъул педколледжалда бук1араб конференциялда к1удияб къимат кьуна цересел соназ лъайкьеялъул министрасул заместительлъун, Казбек партиялъул райкомалъул т1оцевесев секретарьлъун х1алт1арав Буртунай росулъа Зиявдинов Ах1мадпаша Зиявдиновичасе, ТОКСалъе гьес лъик1аб къимат кьолеб бук1иналъ.

Гьев нижеда киданиги к1очене гьеч1о.

Гъизилюрт районалъул рагъулаб комиссариаталъ, 1980 соналъул 19 февралалда Х1ажаев Х1ажие кьун буго, гьес т1алаб гьабулеб бук1араб, **«За взятие Кенигсберга»** абураб медаль. Гьединлъидал, рит1ухълъиялъ т1алъи босана ва гьесул мурад т1убана .

*Б. ХАЛИЛУЛАЕВ, Хасавюрт шагьар.*

# Поэзиялъул гьумер

*МахIмуд ДАВУДХIАЖИЕВ, Дилим росу.*

## Дун битIараб нухде ккезаве, Аллагь!

БетIергьанас кьурал нигIматал кIочон,
Квер гIунтIуларелъув гьесун ватула.
ХIалал гьабун кьураб тIагIам жибго тун,
Жанисан турулеб бищун батула.
БитIараб нухдаса цеве инчIого,
Квешал сверабазда унев ватула.
ЖужахIалъул цIадул ургъел гьечIого,
РекIее бокьухъе хьвадун ватула.
РекIел цIадирабаз цIан тIагIунарел,
Лъай гьечIел мунагьал гьарун ратула.
Щвараб талихIалъул къимат лъачIого,
ЧIаголъи рекIелъа унеб батула.
Бичас рикIкIун кьурал гIумрудул къоял,
Кьокъльулел ратула дун ургъилелде
БетIергьанас кьурал гIумрудул сагIтал,
Сверулел ратула ч1ун вугониги.
Чвахулеб гIумрудул ургъел гьечIого,
Сверула дир къоял, я дир БетIергьан.
Ахираталъул къо тIаде бачIиндал,
Дун битIараб нухде ккезаве, Аллагь.

*МухIамад БАЗАЕВ, Гуни росу*

## Ч1ужуг1аданалде

ЧIужугIадан, дие рагье балъголъи,
Багьадур, наку чIван, щай дуй къулулев?
ЧарангIан къвакIарал ракIазул васал,
Дур гьими бихьидал щай риун унел?
ЧIужугIадан, мун дий балъголъи йиго,
Гьеб жаниб бахчараб гъамаслъун йиго.
Дун хIикмат гьавулей, хIайран гьавулей,
Кьуват кодоб бугей, хIурулгIин йиго.
ЗахIмалъаби дуца къезе гьарула,
Кьварилъаби дуца, къвал бан, рахчула.
Дунялалъул яхIги гIумрудул нухги
Дуца намус бацIцIад, цIунун букIуна.
Мун жаний гьечIеб рукъ дие бецIлъула,
Дур калам рагIичIеб къо роцIунаро.
Гьаб тIабигIаталъул берцинал кьераз,
Дуца гIадаб кунчIи дие кьоларо.

*Х. ВИСАИТОВ, Калининаул росу.*

## МугIрузул гIарза

МугIрул руго «гIодулел»
Жал бесдаллъун ругилан
ГIи - боцIи хьихьун тарал
Пухьби кире аралан.

ПIидра тIегь бечIан анин,
Пурччинхер бакъван бугин,
Жинда гъорлъ расандулел,
КьагIи кире аралан.

Дир кIкIалахъан чвахулел
ЦIорол иццазул чвахи
Гьоркьоб къот1улеб бугин
ТIад квер гьечIелъул абун.

Щибаб къадги къасиги,
Гьойил хIапи камичIин
ЦIодорго гIиял хьихьун,
Удаман чIолаанин.

РакIгъеялъе нижее
ХIанчIи гурел хутIичIин.
Гьаб нижер гIарзаялъе
Жаваб лъицайин кьелеб?

*Асият ИДРИСОВА, Ичк1а росу.*

## Дир гIагараб росу

Рии гьогьомараб, хасел цIорораб,
Рохьал гъал-гъаларал, кIкIалал гъваридал,
ЦIорорал иццазул лъинал гьуинал,
ТIабигIат берцинаб дир Хубар росу.
Гьение щола дун гьудулзабахъе,
Гьезул хутIел буго,гъасда цIа буго.
Гьел рихьани ккола хьул нахъбуссанин.
Гьеб дие гIоларо, занахъе щола.
Щиб хIал бугебилан гьезда цIехола,
Гьел руцIцIун чIун руго кIалъалел гьечIо.
Дун гьезда кIалъана хIасрат чучизе,
Цоги хъвараб къоялъ нахъеги щвелин…
РачIунел лъаларо, унел лъаларо,
Халатал нухазул къокълъана гIумру.
ЗахIмалъана дие росулъе ячIин,
ЯчIиндал дандчIвазе дандиял гьечIеб.
Дунги харабазул цо хутIел йиго,
Хирияб буго дий йижараб росу.
Росдал гIадамалги гьезул гIумруги,
РекIелъа унаро кий йигониги.

*Сакинат ГIАБДУРАЗАКЪОВА, Хубар росу.*

## Дун дур пикрабалъ…

Дица дур пикраби
гьарула гIемер,
Анищалъ хиялалъ
хутIарав, гьудул.
Дуе загьирлъичIеб
бикьизе щвечIеб,
ПIищкъуялъ гIемераб
гIазаб кьуниги.

РакIалде щвеязулъ
паркъолеб дур цIар,
ЦIунун буго дица
хазина гIадин.
Щай гьеб кIоченареб,
нахъе унареб,
Гьелъий мустахIикъав
вукIанадай мун?

Дир пикрабазулъ мун
къасиги къадги,
КьотIулареб канлъи
даим биччалев.
Пумруялъул нухда
виларав дуда,
Кинго бихьиларо, дир
рекIелъ бугеб.

Пикраби роржуна
кидаго духъе,
Хиялаз абула валагьейилан.
Щиб хIикмат букIараб дур
гIамалалъулъ,
Къисматалъ дий сайгъат
гьавичIев гьудул.

*Т1алх1ат АХЪБЕРДИЕВ, Гъизилюрт шагьар.*

## Бит1араб раг1иялъ

Цо къоялъ х1алт1уда заман г1еч1ого,
Къаси хъван лъуг1изе гьарилин абун.
Х1алт1ул отчеталги журнал -кагътаалги,
Рокъоре росана къвач1инирги лъун.

Кабинетги рахан, къват1ив вач1индал,
Скамейкаялда г1одор ч1араца.
Абулеб раг1ана цоцазде къулун,
Жакъа тохтурасе шабаш щун бугин.

Гьеб хабаралъ пашман гьавурав дица,
Гьезде цеве вач1ун жаваб гьабуна:
-Дица гьаб шабашка бащадги бикьун,
Нужееги кьелин,рач1а бихьизе.

Х1акъикъат лъач1ого, бугьтанал лъолел,
Г1адан х1акъир гьавун,
хабар бицунел,
Гьел нужер к1алазда
дун барахщуна,
Нахъег1анаб г1амал
сурун бихьула.

Бит1араб раг1иялъ
beралги рахъун,
Нахъе ана хехго
дол мац1ихъаби.
Гьединал г1адамаз
чорок гьабулеб,
Напс дирго гьеч1елъул
воххун вук1уна.

*Асият СУРХАЕВА, Гъоэтала росу*

## «Пожарник Муса»

Цо пуланаб къоялъ дун,
Дирго кьаг1иги рачун
Росдада цебе бугеб
Г1урдалъуде вахана.

Г1урччинхерица г1орц1ун,
Кьаг1азул чахьал ц1уна.
Бакъвараб харил гъонол
Гьел раг1дукье гурана.

Цох1о гурдилъ вук1арав
Дун квачазе лъугьана.
Чвантиниса спичка.
Кьват1ибе бахъун хъвана

Гъонол ракьанда дица,
Гьит1инаб ц1а бакана.
Доб гьит1инаб ц1аялъул
К1удияб ц1а лъугьана.

Ц1адул к1удияб х1уби
Зобалазде бахана.
Дие квешезе г1адин,
Гьуриги багъарана.

Регун рук1арал кьаг1и
Х1инкъун т1урун ратана.
Чара хвараб дун пакъир
Г1абдал г1адин хут1ана.

Гьабизе жо лъач1ев дун,
Рокъове т1ад вуссана,
Ццим бахъарав эменги
Дида семун к1алъана.

Ц1адул мац1алъ ч1урх1араб
Кьерсер-бер бихьарабго.
Спичка бикъунилан
К1одоца г1ин кьурана

Эбелалъ гьуя бачун
Накабиги рухана
«Пожарник Муса»-абун,
Лъималаз дий ц1ар кьуна.

Воре лъимал нужеца,
Спичка добег1ан теяя!
Гьелъ рек1к1 гьабизе бук1ин
Лъазе ккола нилъеда.



# Родителям на заметку

Отсутствие должного родительского контроля за свободным времяпрепровождением детей можно стать причиной, способствующей чрезвычайному происшествию с участием несовершеннолетних. Последствия пожара - печальны, но их, как, впрочем, и сам пожар, можно избежать, соблюдая элементарные требования пожарной безопасности.

Уважаемые родители! Ваша основная задача-обеспечить комплексную безопасность своих несовершеннолетних детей:

-соблюдать требования пожарной безопасности;

-не оставлять детей без присмотра;

-контролировать времяпрепровождение несовершеннолетних детей;

-располагать информацией о местонахождении ребенка в течение дня;

-планировать и организовывать досуг несовершеннолетних, проводить с детьми разъяснительные беседы;

-обращать внимание на окружение ребенка, знать адреса и телефоны друзей.

Помните, что согласно ст.63 Семейного Кодекса родители несут персональную ответственность за жизнь и здоровье своих детей. Инструментом практического решения многих вопросов в сфере детства является родительский контроль за поведением и свободным времяпрепровождением своих несовершеннолетних детей. Ребенок должен находится под контролем, заботой и вниманием родителей 24 часа в сутки!

Летом, с началом каникул, наших детей подстерегает повышенная опасность. Лето - это не только радостные каникулы, но и существенные риски, которые связаны с обеспечением безопасности детей. Этому способствуют погода, детское любопытство, наличие свободного времени, а главное отсутствие должного контроля со стороны взрослых. Ваши дети большую часть времени будут находится вне помещений, поэтому побеседуйте с детьми, обратите внимание на безопасность при провождении свободного времени на улице и дома. Ежедневно напоминайте своему ребенку о правилах дорожного движения. Запрещайте ему уходить далеко от своего дома, двора, не брать ничего у незнакомых людей, не гулять до позднего времени суток, избегать безлюдных мест, обходить компании незнакомых подростков. Следите, чтобы ваш ребенок не пользовался сомнительной литературой и видеопродукцией. Ограничьте и сделайте подконтрольным общение ребенка в Интернете.

Помните, ребенок берет пример с Вас - родителей. Пусть Ваш пример учит дисциплинированному поведению ребенка на улице и дома. Старайтесь сделать все возможное, чтобы оградить детей от несчастных случаев.

*А.Г. ХАЛИДОВ, начальник ОМВД, полковник полиции.*

# Мой любимый предмет...

Я окончила Ленинаульскую среднюю школу №1 и поступила на заочное отделение Хасавюртовского педколледжа. Никому не секрет, что у школьников бывают любимые предметы и преподаватели. Конечно, ученик полюбит или нет предмет во многом зависит от преподавателя.

Моим любимым предметом в школе был ОБЖ. Преподавал нам ОБЖ Артур Абулайсович Салибиев. Он говорил: « Любой человек попадает в различные жизненные ситуации. От его знаний, умений и навыков может зависеть жизнь одного или нескольких человек. Поэтому мы обязаны знать как себя вести в тех или иных ситуациях.

Он очень доходчиво, приводя примеры, раскрывал нам ту или иную тему. Благодаря ему я узнала очень многое, что, в конечном итоге, помогло мне в колледже.

Хочу также выразить огромную благодарность всему педагогическому коллективу ЛСШ №1 за то, что научил нас правильно жить и дал нам знания.

*Р. МУСИЧОВА, с. Ленинаул.*

# МИНТРУДА ИНФОРМИРУЕТ...

В соответствии со статьей 23.1 Федерального закона от 28.12.2013 г. № 442 «Об основах социального обслуживания граждан в РФ» (далее — Закон) независимая оценка качества оказания услуг организациями социального обслуживания является одной из форм общественного контроля и проводится в целях предоставления получателям социальных услуг информации о качестве оказания услуг организациями социального обслуживания, а также в целях повышения качества их деятельности.

Независимая оценка качества работы организаций, оказывающих социальные услуги, предусматривает оценку условий оказания услуг по таким общим критериям, как:

открытость и доступность информации об организации социального обслуживания;

комфортность условий предоставления социальных услуг и доступность их получения; время ожидания предоставления социальной услуги; доброжелательность, вежливость, компетентность работников организаций социального обслуживания; удовлетворенность качеством оказания услуг.

При проведении независимой оценки качества услуг в сфере социального обслуживания используется общедоступная информация об организациях социального обслуживания населения Республики Дагестан, размещаемая также в форме открытых данных.

В целях создания условий для организации проведения независимой оценки качества оказания услуг Минтрудом РД, с участием общественных организаций сформирован общественный Совет по проведению независимой оценки качества и утверждено положение по ним.

Указанным общественным советом:определен перечень организаций социального обслуживания населения Республики Дагестан, в отношении которых проводится независимая оценка;сформированы предложения для разработки технического задания для организации, которая осуществляет сбор, обобщение и анализ информации о качестве оказания услуг организациями социального обслуживания (далее — оператор).

Заключение государственного контракта на выполнение работ, оказание услуг по сбору, обобщению и анализу информации о качестве оказания услуг организациями социального обслуживания осуществляется в соответствии с законодательством о контрактной системе в сфере закупок товаров, работ, услуг для обеспечения государственных нужд. Минтрудом РД по результатам заключения соответствующего контракта оформлено решение об определении оператора, ответственного за проведение независимой оценки качества - Дагестанской республиканской организации Общероссийской общественной организации «Всероссийское общество инвалидов».

По результатам работы, проведенной оператором, и представления в Минтруд РД соответствующей информации, будет сформирован рейтинг учреждений социального обслуживания, а также выработаны меры по совершенствованию деятельности указанных организаций, а лучшей организации будет вручен переходящий кубок Минтруда РД.

Информация о результатах независимой оценки организациями социального обслуживания будут размещены на официальном сайте Минтруда РД в сети «Интернет», а также на сайте ГМУ с обеспечением технической возможности выражения мнений получателями услуг и иными гражданами о качестве оказания этих услуг.

*Управление социального обслуживания Минтруда РД*

# Желание имеется, но...

Государство уделяет всё больше внимания развитию экономики, социальной сферы, культуры и образования. Кризис последних лет, разные санкции против нашей страны заставляют нас смотреть на происходящее другим взглядом.

В масштабах страны, округов, регионов выдвигаются различные варианты развития экономики. Во всё, что делается, привлекается молодое и предприимчивое поколение. И для этого составляются ясные правила работы, созываются различные форумы, встречи, выделяются средства и т.д.



Одним из таких и будет форум «Машук-2017», который пройдет в г. Пятигорск с 05.08.2017г. по 19.08.2017 года. Хотя он и называется Кавказским, своё желание стать участниками форума «Машук-2017» уже выразили молодые люди из более чем 40 регионов страны. Помимо них, на форум приедут официальные делегации Сербии, Киргизии, Молдовы и Казахстана.

Этот форум существенно будет отличаться от таких предыдущих мероприятий. Так, например, новый вариант презентации идей, призван обеспечить максимальную прозрачность. Наблюдать за такой защитой и задавать вопросы выступающим могут все желающие. Также в публичной защите, в качестве экспертов, будут задействованы крупные работодатели СКФО. В этом году будет и новое постановление правительства по грантовому конкурсу грантов станет больше, но сумма их уменьшится. Ребята смогут получить 100, 200 и 300 тысяч рублей. Во всех регионах СКФО проходят, так называемые, предмашуки. Там будущие форумчане смогут узнать, как написать проект, защитить его и реализовать.

А пока одни готовят заявки для участия, другие уже показывают результаты своей работы. Так, 3 мая в Ставрополе молодежь края на ярмарке грантополучателей представила на суд публики свои проекты, деньги на реализацию которых получила на форуме «Машук-2016».

Участвовать на форуме «Машук-2017» решила наша землячка, молодой предприниматель из с. Гостала Магомедова Зайнаб Казимагомедовна. Решив поддержать идею семейного бизнеса в родном селе, Зайнаб открыла козью мини-ферму. При встрече со мной Зайнаб сказала: «Уверена, что молодежь не покидала бы села, если на местах была работа, имелась элементарная возможность открыть своё дело. Хотя к тем, кто заинтересован в малом бизнесе власть держащие и «поворачиваются лицом», но этот процесс идёт очень медленно, а открыть своё дело на голом энтузиазме не всякий сможет.

Я решила открыть ферму коз. Издавна знают, что козье молоко продукты целебные. Козы быстро растут, за несколько лет можно иметь большое стадо, но содержать их нужны условия. Я хочу заинтересовать и вовлечь молодежь села в данный процесс. Если умело организовать работу, то не будет необходимости покупать всякую импортную продукцию, всё можно организовать на местах. Только для этого должно быть желание, а также поддержка со стороны государства».

*М.- Ш.АБДУЛАШИМОВ.*

# Рахьдал мацI-халкъалъул рухI

**Х1урматиял районцоял!**

***Нижеца газеталъул жакъасеб номералда бахъулеб буго, кьокъгьабун, «Гумбет» газеталда гьелъул бет1ерав редактор Г1изудинил Х1амзатица бахъараб «Рахьдал мац1-халкъалъул рух1» абураб макъала.***

***Рак1алде ккола аваразул мац1 бокьулезул рак1азе гьелъ лъик1аб асар гьабилилан.***

***Бокьилаан нужецаги жаваб гьабизе «Маг1арул халкъалъул рух1лъун кколеб калам-авар мац1, щай нилъеца къо бахъанаг1ан нахъе цулеб бугеб?»абураб суалалъе.***

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

Кавказалъул мацIазда гьоркьоб хасаб бакI ккола магIарул (авар) мацIалъ. Аза-азар соназ аваразул пачалихъияб мацIлъун букIана гьеб. МацIал гIемераб Кавказалда халкъазда гьоркьосеб каламлъун букIана аваразул болмацI. Гьединаб мацIалда цIех-рехчагIаз лъураб цIар буго lingua franca (лингва франка). Амма цо-цояз бихьизабулеб буго гьеб лингва франка кколин кьокъ гьабураб ва жуба-гъубазабураб, киназдаго бичIчIунеб мацI. Кавказалда тIибитIараб ва бахIарчияб магIарул халкъалъул рухIлъун кколеб калам буго авар мацI.

БатIи-батIиял гIасрабазда магIарулазул пачалихъалъул мацI лъазабулаан аваразул гьудулзабазги тушбабазги. Имаматалъул заманалда гIурусазул империялъул г1езег1анго офицерзабазда лъалаан гьеб. Гъуниб Шамил имамасулгун кьотIикьай гьабизе вачIарав офицер Лазаревасдаги лъалаан болмацI. Гьединал г1емер рукIана.

МагIарул мацIалда хъвадарана чIахIи-чIахIиял пачалихъиял ва цоги рахъазул хIаракатчагIи. Расул ХIамзатовас магIарул мацIалда кучIдул цIаличIеб дунялалъул бут1а хутIичIо. Гьес авар мацIалда жиндир асарал цIалана кивехун жив кканиги.

Аслияб къаг1идаялда авар мацI бечед гьабуна ва цебетIезабуна гIалимзабаз, шагIирзабаз ва хъвадарухъабаз. Гьезул рик1к1ен г1емераб буго, гьел лъала маг1арул адабиятгун маданият бокьулезда.

Анцl-анцl соназ куцана хъвадарухъабазул Союзалда аваразул шагIирзаби, прозаикал, драматургал. Расул ХIамзатовас дунялалда рагIинаруна Дагъистанги, магIаруллъиги, авар мацIги. Гьесул тIахьал цIалана космосалдагицин.

Араб гIасруялъул бащалъиялда, Расул ХIамзатовасул жигаралдалъун, кьучI лъуна авар адабияталъул «Гъудуллъи» журналалъе.

Гьеб журналалъул гьурмазда рахъана магIарулазул къалмил устарзабазул бищун лъикIал асарал.

Гурус ва цоги мацIазде руссинарун, дунялалда тIиритIана гьел. Бук1ана заман гьелъул тираж 20-азаргоялде бахараб, амма гьеб дагьлъаниги, гьеб къазе бокьаразул мурад т1убач1о.

Гьабсаг1ат гьелъул редакторлъун вуго хъвадарухъабазул Союзалъул секретарь, авар адабияталъул секциялъе нухмалъулев МухIамад ПатахIов.

ЛъикI букIинаан магIарулаз гьеб журналалде кIвар буссинабуни.

ТIасан буюрухъ гьабуралдаса, ракIалъ ахIун гьабураб хIалтIи лъикIаб букIуна.

«Дица кечI гьабуларо, дица кечI ургъуларо, ургъичIого бачIа гьеб, бадибе магIу гIадин»,- ан хъвана Р. ХIамзатовас. МагIарул мацIалъул ургъел бугез рахъизе бачIинабихьана газеталгун журналал.

1917 соналъ "Аваристан" абураб газета биччалаан Дагъистаналда тIоцебесеб басмахана рагьарав ЧIохъа МухIамадмирза Мавраевас.

Пачалихъалъ газетал ва журналал рагьизе кьураб ихтияралда пайдаги босун, магIарул халкъалъул ургъел бугел гIадамаз къватIире риччана «Сабаб», «Имамат» журналал, «МагIарулал»,«Заманалда цадахъ»,«ЖамагIат», «Аваристан», «Миллат» газетал ва цоги информациялъул алатал. МагIарул миллаталъе ва мацIалъе гьабулеб хъулухъ ккола гьеб.

МагIарул автономиялда цебе гIуцIараб басмабазул цолъиялъ 2016 соналъ хIалтIизе биччана «МагIарухъ» (avarpressa.ru) портал. Гьеб буго маг1арул мац1алда.

Гьединаб портал цоги гьечIо. Чанго моцIалда жаниб гьениб бахъана щунусгоIан макъала. Г1емераз цIалулел руго гьеб сайталдаса макъалаби. Гьеб ккола магIарул мацIалъул бацIцIалъи ва кIодолъи наслабаз наслабахъе кьеялъе гьарулел аслиял хIалтIабазул цояблъун.

АнцIго соналъ цере хъварал мухъалги ракIалде щвезаризин гьанир:

**ЧIвадарухъан**

Наркотик сунтIарав,
сунтIлъун мехтарав,
ВачIана рокъове
къаси гIолилав.
Гьесул чохьол эбел,
богол какги бан,
Какикьт1амалдаго
лъалхъун йигоан.

Буго авар мацIалъ
дугIа гьабулеб,
Гьай херай эбелалъ:
«Дир вас цIуне»,-ян.
Суждаялдаги чIун,
буго гьарулеб:
«Гьардарав, БетIергьан,
вас лъикI хьихье»,-ян.

Наркотик сунтIарав,
сунтIлъун мехтарав,
ВачIана рокъове
къаси гIолилав.
Гьас цебе батараб
щущазабуна,
ХIарщул цIурал хьитаз
хIужра мерхьана.

Чохьол эбелалъул
какикьт1амалде,
Инжит тударана
гIоркьилав тIаде.
ДугIадуй ритIарал кверал
кьотIана,
Вас цIуни гьарулеб
кIал бидул цIуна.

Васас эбел чIвараб
рукълъун бихьула,
Рахьдал мацI кIочараб,
Дагъистан дида.
Чохьол эбел чIварав
васлъун бихьула,
Инсул мацI лъалареб,
цIияб гIел дида.

# Метер магIарул мац1 хвезе батани,..



Гlемер бицуна ва хъвала дагьаб къадаралъул миллатазул мацIал тIагIунел рукIиналъул, гьел цогиял миллатазда гьоркьор тIагIиналда хIинкъи букIиналъул ва гьединазул мацIгун культура цIуниялда тIад хIалтIизе ккеялъул. Гьединал мацIазул цояблъун ккола бакIарул Авар мацI.

Нилъ нугIзаллъун руго умумуз цIунарал мацIги культураги, дагь-дагьккун, тIагIунел рукIиналъе. Мисалазда хадур рикIкIад ине кколаро, гьел нилъеда цере руго. Гlемерисел магIарул хъизабазда, гьединго, лъималазул ахазда, школазда хIалтIизабулеб буго гIурус мацI, гьай-гьай, гьеб лъазе ккола, амма цого гьеб хIалтIизабиги битIараблъун гьечIо.

Нилъ ругьунлъун руго, цебе арабги какулаго, кинаб букIаниги ишалъулъ цIиял къагIидаби чIезарулел ругинги абун, хьвадизе. Гьелъул ахиралда квешалъуре ккани, жаваб кьолев чиги ватулев гьечIо. Унгойищха пачаясул, Советияб заманалда букIарабщинаб яги гьезул гIемерисел гIумрудул рахъал квешал рукIарал?! Доб заманалда букIаралъул лъикIал рахъалги хIалтIизарун гьел церетIезарун, киндай ккелаан?!

Ахириял соназ гIемер тIоритIулел руго миллияб мацI, культура цIуниялда хурхарал тадбирал, амма гьезул «гьоко» чIаралъуса бугеблъи гьечIо. Гlакълу бугесда бичIчIине кко-ла цого данделъабаздалъун иш тIубазе гьечIеблъи.

Нилъерго мацI цIуниялда тIад чIванкъотIараб хIалтIи гьабулеб гьечIони, цо чанго соналдасан магIарул мацIалъ кIалъалев чиго вукIине гьечIеблъи якъинаб жо буго.

Республикаялъе нухмалъулездасан байбихьун, мухъилал гIадамазде гIунтIун, мацI цIуниялда тIад хIалтIичIони, гьеб цIунизе кIвезе гьечIо. МацI ва культура цIунизе кIолеб букIиналъе мисаллъун рачине бегьула гIемерал соназ Турциялда яшав гьабун ругел нилъер магIарулал. Щай гьезда гьел цIунизе кIварал? Бегьилароандай гьездасан мисал босизе?

МацI, культура цIунизе ккеялда хурхараб цоги иргадулаб тадбир тIобитIана 15-16 июлалда Гъуниб. Республикаялъул авар мацIалъул учительзабазул Ассоциациялъе нухмалъулей Б. МухIудиновалъул хIаракатчилъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана районаздаса 14 команда ва 24 вакил.

Миллаталъул букIиниселда ракIунтарал данделъараб гьеб тадбиралде гIахьаллъана нилъер районалдаса учительзабазул командаги. Гьелда гьоркьор рукIана - Д. ГIабдулахIитова (РУО, ИМЦ), З.ГIалиева (БСШ), ПатIимат ва Зарият ГIабдулаевал (ИСШ), Ж. Висалгереева (ЛСШ№1),З. Ачабаева (КСШ), П.МухIамадаминова (лицей), Д. ГIумарова ва З.АхIмадханова (Дилим, гимназия).

Гьединго, гьеб учительзабазул слёталда гIахьаллъана лъайкьеялъул министр Ш.-г1. Къ .Шахов, магIарулазул миллиябгун маданияб автономиялъе нухмалъулев Ш. ХIапизов (Маркъо), Гъуниб районалъул администрациялъул бетIер А. МухIамадов, ДНЦ РАНИЯЛИялъул хIалтIухъабигун директор М.И. МухIамадов, СМИязул хIалтIухъаби, жамгIиял хIаракатчагIи ва гь.ц.

Б. МухIидиновалъул пикру ккана риидалил, ай, цIалдохъабиги мугIалимзабиги хIалхьиялда ругеб заманалда гьеб слёт Гъуниб тIобитIизе. Гьелъул рахъ ккуна лъайкьеялъул министерствоялъгун Гъуниб районалъул администрациялъги.

КIалъазе вахъарав Ш.-гI. Къ.Шаховас данделъаразда баркана слёт тIобитIи, баркала загьир гьабуна гьеб тIобитIиялда тIад, кIвахIтун, хIалтIарай Б.МухIидиновалъе ва, кьокъгьабун,бицана гьединал данделъабазул, мацIгун культура рехун течIого букIиналъе бугеб кIваралъул. Жиндирго кIалъаялда Б. МухIидиновалъ слёталъул гIахьалчагIазе бицана ассоциациялъ кIиго соналда жаниб гьабураб хIалтIул, дандчIварал захIмалъабазул ва цере чIарал масъалабазул.



Гьелъ абуна: **«Цого ассоциациялда ва хIаракатчагIазда бараблъун гьечIо цебе чIараб масъала. Пачалихъиял идараби, министерствоял, гIелмиял хIалтIухъаби, районазул лъайкьеялъул управлениял, умумул, цадахъ лъугьун хIалтIичIони, гьеб суал бетIералде бахъинабизе кIвезе гьечIо, щай абуни, мацIалда, культураялда хурхарал гIелмиял хIалтIаби хъвазе, тIахьал ва цогидаб хIажатаб чIезабизе ккани, хIажалъула гIемеразул кумек ва сурсатал»**,-ан.

КIалъарал- Ш.ХIапизовас, А. МухIамадовас ва цогидазги гьениб бицана гьединал тадбиразул бугеб кIваралъул,гьел тIоритIиялъе кумек гьабизе жал хIадур рукIиналъул.

Слёталъул гIахьалчагIаз гьенир рихьизаруна миллиял хIаял, квен-тIех, бицана гIадатазул. Къаси, цIадуда сверухъги ракIарун, гьез ахIана кучIдул. КIиабилеб къоялъ командабазда гьоркьор тIоритIана батIи-батIиял къецал. Гьениб бергьенлъи босана балъхъадерил командаялъ. Слёт тIобит1улезул хIукмуялда рекъон, бачIунеб соналъ гьединаб данделъи тIобитIизе буго бергьенлъи босараб командаялъул ракьалда-Болъихъ.

Бокьун буго, «Чапар» газета гьоркьобккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе слёталда гIахьаллъиялъе хIажатал сурсатал чIезарурай Ленинаул росдал №2 школалъул директор Н.Зияродиновалъе ва сценка лъезеялъе квербакъарав культураялъул Централъул методист М. Дудуевасе.

***Д. ГIАБДУЛАХIИТОВА,***
***ИМЦялъул методист.***

*Архивалдаса*

*Байбихьи №25, 26, 27, 28, 29 номеразда*

## КIудияб ВатIанияб рагъда…

***За доблестный труд в Великой Отечественной войне (медаль)***




1947-1948 соназ, СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул хIукмуялда рекъон, «**За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941-1945г.г.**» абураб медалалдалъун кIодо гьаруразул сиях1.

**Алмахъалдаса**

1. Утарбиев Нуцалхан
2. Иризханова Зайгинат
3. Исмаг1илов Юнус
4. Къурах1маева Шамай
5. Г1исах1ажиев Батимирза
6. Ильясов Висайт
7. Шамердиева Г1айшат
8. Гъарабатиров Гъойбатир
9. Байтазаев Зулу
10. Гайдаров Г1абдулат1ип
11. Султанмирзаев Б-мирза
12. Назарханов С-мирза
13. Насрулаев Ибрайхан
14. Рурахмаева Залимат
15. Ирисханов Гъайрхан
16. Нуцалова Саги
17. Тавбулатов М.
18. Нурудинов Шарабодин
19. Абут1алибов Юнус
20. Гъайрбегов Мух1амад
21. Шайхисланова Шамай
22. Камучов М-мирза
23. Даниев Г1алибег
24. Гъайирбегов Чочо
25. Рашитханов Саг1идбег
26. Джантимиров Исмаг1ил
27. Исмаг1илова Халипат
28. Валиев Гьашим
29. Гъайирбиев Байсултан
30. Хизриева Умайжат
31. Бишиева Майсарат
32. Г1умарова Хизи
33. Израг1илов Мух1амад
34. Салманов Карим
35. Идрисов Камил
36. Хункорханов Насу
37. Къурбанов Исх1акъилав
38. Мух1амаева Ажай
39. Садикъов Салих1ав
40. Мух1амадов Г1абдурашид
41. Чацсовская Любовь
42. Базарганов Насрула
43. Ах1мадов Г1абдулкарим
44. Асуева Шамсият
45. Г1абдулаева Ами
46. Г1амирг1алиева Дани
47. Г1абарханов Абакар
48. Г1абдулат1ипов Алибан
49. Баширова Асият
50. Багъатаров С-бег

*М.Г1.ЧУПАЛАЕВ*
*(хадусеб бук1ине буго)*




## МФЦ информирует

***Уважаемые казбековцы!***

***С 12 июля 2017 года единовременное изготовление межевого и технического планов будет стоит 6000 рублей.***

***Ждем вас в МФЦ и всегда рады качественно оказать вам услуги!***

***За справками обращаться на номер: 8 (938) 777 82 74.***

## М.М. МАХМУДОВ



19 июля 2017г. скоропостижно скончался управляющий делами Собрания депутатов МР «Казбековский район» Махмудов Махмуд Магомедович.

М.М.Махмудов родился в 1949 году в с.Инчха. Окончив сельскую среднюю школу в 1967г., он стал работать учителем физкультуры родной школы.

С 1968 по 1970гг. служил в рядах Советской Армии. По возвращении стал студентом Буйнакского педучилища и, окончив его в 1979 году, поступил на географический факультет ДГПИ.

С 1996 по 2004гг. М.М. Махмудов работал директором Инчхинской средней школы, с 2004 по 2009гг.- заместителем главы администрации с.Инчха, а с 2010 года и до конца жизни управляющим делами Собрания депутатов МР «Казбековский район».

Все те, кто встречался и работал с М.М. Махмудовым, запомнят его как трудолюбивого, ответственного, отзывчивого, добросовестного и исполнительного человека. Светлая память о М.М. Махмудове навсегда сохранится в наших сердцах.

***Г.Г. Мусаев, Г.М.Гирисханов, З.Н.Эмеев, И.И.Шабазов, И.Б.Салимханов, А.П.Базаев, Д.З. Сайдулаев, М.А.Чупалаев, Г.Б. Зиявдинов, А.М. Магомедов, Н.Н. Меджидов, С.С.Салгереев, У.Р. Салманов,А.И.Шебиханов, З.С. Аминова.***

## ХIажиева Гульжанат ГIамирхановна



25 июлалда гIумруялдаса ятIалъана лъикIай инсан, районалъул централияб больницаялъул тохтур ХIажиева Гульжанат ГIамирхановна.

ХIажиева Гульжанат ГIамирхановна гьаюна 1963 соналъ Дилим росулъ.

1980 соналъ гьелъ лъугIизабуна Дилим росдал гьоркьохъеб школа ва 1981 соналъ цIализе ана Дагъистаналъул медицинаялъул институталде. Мединститут лъугIун хадуй, хIалтIизе тIамуна районалъул централияб больницаялде врач-педиатрлъун, хадусан - лъимал гьариялъул отделениялде врач-неонатологлъун ва гьелдаса нахъе, ахириял къоял тIаде щвезегIан, гьений хIалтIулей йикIана.

ХIажиева Гульжанат ГIамирхановна йикIана ракIбацIцIадай, гьабулеб ишалде, гIадамазде рокьи бугей, жавабчилъи цIикIкIарай, хIалимай инсан. Гьелъ тIолабго гIумру кьуна рижарал лъималазул ва гьезул улбузул сахлъи цIуниялъе. Г.ГI.ХIажиева лъалел рукIаразул ракIазулъ гьей даималъ хутIизе йиго.

***Гьудул-гьалмагъзабазул къокъа.***

«Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул администрациялъул хIалтIухъабаз, депутатаз ва гьудул- гьалмагъзабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго Дилим росулъа ХIажиев Раипида ва тIолабго гIагарлъиялда, гIумрудул гьудул(лъади)

**Гульжанат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

---

Районалъул медицинаялъул хIалтIухъабаз,гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Дилим росулъа ХIажиев Раипида ва тIолабго гIагарлъиялда, лъади

**Гульжанат**

гIумруялдаса ятIалъиялда бан.

---

Цогояб информцентралъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго Дилим росулъа ХIажиев Раипида, лъади

**Гульжанат**

ахираталъул роухъое иналда бан.

## Прокуратура информирует...

Прокуратурой района проведена проверка финансового обеспечения, подготовки и проведения муниципальных выборов.

В ходе проверки выявлены нарушения требований законодательства, а именно администрации сельских поселений в полном объеме не профинансировали, в установленный законом срок, избирательную комиссию, как главного распорядителя средств, на проведение выборов, хотя п. 1 ст. 62, Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 N 50 "О муниципальных выборах в Республике Дагестан" гласит, что расходы, связанные с подготовкой и проведением выборов депутатов представительного органа муниципального образования, главы муниципального образования, эксплуатацией и развитием средств автоматизации, обучением организаторов выборов и избирателей, производятся избирательными комиссиями за счет средств, выделенных на эти цели из местного бюджета.

В связи с чем, в отношении трех глав администраций: СП «с. Ленинаул», «с. Дылым» и ПГТ «п. Дубки» возбуждены административные производства по ст. 5.21 КоАП РФ, которые направлены в мировой суд для рассмотрения по существу, кроме того, в адрес указанных глав администраций сельских поселений внесены представления об устранении нарушений законодательства в сфере подготовки и проведения муниципальных выборов и привлечении виновных должностных лиц к дисциплинарной ответственности.

*М.М. ХАЛИЛОВ, прокурор района, старший советник юстиции.*

*БетIерав редактор: Мухтар Чупалаев тел: 55-48-94*

*Жавабияв секретарь: Мух1амад-Шарип Г1абдулашимов*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Сапият Султанмух1амадова*

*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*

*Верстка: М.АтавхIажиева З.Г1абдулмуслимова*

*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141*

*Индекс: 51354 Заказ №115 Тираж 1350*

*Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014 г. ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*